

NeMutungamiri Henry B. Eyring

Mutevedzeri Wekutanga
muHutungamiri Hwekutanga



Munamato weRutendo

Munamato unoreva zvakawanda kupfuura mashoko atinotaura kuna Mwari. Ihurukuro yevaviri pakati paMwari nevana Vavo.

Apo munamato paunoshanda sezvaunofanira kuita, tinotaura manzwiwo emoyo yedu nemanzwi akareruka. Baba Vokudenga kazhinji vanopindura nokuisa pfungwa munjere dzedu dzichiperekedzwa nemanzwiwo. Nguva dzose Vanonzwa munamato wechokwadi watinopa apo patinonamata nechitsidzo chokuVateerera, zvisinei nokuti mhinudro yavo inotii uye kuti inouya riini.

Ishe Vanoita vimbiso iyi kuna avo vose vanoverenga nokunamata pamusoro peBhuku raMormoni:

“Uye pamuchange magamuchira zvinhu izvi, ndinokukurudzirai kuti mubvunze Mwari Baba Vokusingaperi, muzita raKristu, kana zvinhu izvi zvisiri zvechokwadi; kana muchinge makumbira nomwoyo wose, nechido chaicho, mune kutenda muna Kristu, achakuburitsirai chokwadi chazvo, nesimba roMweya Mutsvene.

“Uye nesimba roMweya Mutsvene muchaziva chokwadi chezvinhu zvose.” (Moronai 10:4–5).

Vimbiso iyoyo ndeye chokwadi. Mamiriyoni avanhu vakaedza uye vakataridza vimbiso iyoyo inoshamisa yemunamato nokutambira ropafadzo yakazadza upenyu hwavo nerufaro rusingaperi. Vimbiso iyoyo inoshanda kuminamato yedu yese yokuziva pfungwa nechido chaMwari kwatiri. Tinokwanisa kuishandisa apo pese patinotambira rairo kubva kumuranda waMwari uyo anemvumo yokutipa gwara. Semuenzaniso, tinokwanisa kuvimba nayo apo patinenge

tateerera kumharidzo mumusangano mukuru. Tinokwanisa kuishandisa apo patinodzidziswa nevashumiri vanozvinipisa vakadaidzwa naMwari kuburikidza nemuporofita mupenyu. Inoshandawo kurairo yatinotambira kubva kuna bhishopi kana mutungamiri webazi wedu.

Kuti munamato ushande muupenyu hwedu, mitemo yacho yakareruka. Tinofanira kukumbira kuziva izvo zvirichokwadi nokunamata kuna Baba nemuzita raJesu Kristu. Tinofanira kukumbira nemoyo wechokwadi; zvinoreva kuti tinofanira kuva nechinangwa chakatendeka kuita chipi zvacho icho mhinduro yaMwari chainoda kuti tiite. Uye chinangwa chedu chaicho chinofanira kubva murutendo rwedu muna Jesu Kristu.

Mutsvagi anoverenga Bhuku raMormoni asati abhabhatidzwa nokusimbiswa anokwanisa kutambira zvese vimbiso yokuti bhuku iri ndere chokwadi uye uchapupu hwekuti Joseph Smith akaridudzira nesimba raMwari. Mushure mokusimbiswa senhengo yeChechi, tinokwanisa kuva neMweya Mutsvene semufambidzani wedu anosimbisa zvimwe zvokwadi. Zvino, apo pese patinonamata murutendo, tinokwanisa kutarisira kuti Mweya Mutsvene unozopupura kwatiri kuti Jesu ndiye Kristu, kuti Mwari Baba vanorarama, uye kuti Vanotida isu navana vose vaBaba Vokudenga.

Ichi ndicho chikonzero paine vimbiso muBhuku raMormoni yekuti tinozova nerudo rwakadzama mumoyo yedu apo Mweya Mutsvene paunopupura kwatiri kuti Jesu ndiye Kristu: “kana munhu achizvinipisa ane mwoyo munyoro,

achitaura nesimba roMweya Mutsvene kuti Jesu ndiKristu, anofanirwa kuva norudo rwakadzama” (Moronai 7:44).

Pane mukana mukuru wekukura pamweya paSvondo yekutsanya yega yega. Svondo yoKutsanya inokwanisa kutibatsira kunzwisisa zviitiko zvaAruma nevanakomana vaMosaya, avo vakanamata nokutsanya kuti vazive chokwadi chokusingaperi kuitira kuti vakwanise kudzidzisa maRamani nesimba, mvumo, uye nerudo (ona Aruma 17:3, 9).

PaSvondo yekutsanya tinosanganisa munamato nekutsanya. Kuitira maropafadzo evarombo, tinopa nemutsa chipo chokutsanya kuna bhishopi kana mutungamiri webazi chinoenzana kana kupfuura mutengo wekudya kuviri kwatisina kudya. Pfungwa dzedu neminamato yedu zvinocheukira kuMuponesi nekune avo vaAnoda kuti tishandire kuburikidza nokuriritira kuzvidikanwi zvavo zvemweya nezvenyama.

Minamato yedu nezvido zvedu naizvozvo zvinosvika pedyo nokuva seminamato nezvido zveMuponesi apo patinotsanya kuti tinyanye kuva vakapfava, vanokwanisa kudzidziswa, uye vanorudo. Uye sezvaAkaita, tinonamata kuti tizive chido chaBaba kwatiri uye kuchiita.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Eyring vanodzidzisa kuti munamato nekutsanya zvinokwanisa kutibatsira “kuziva chokwadi chokusingaperi.” Funga kuti uchapupu hweavo vamu-noshanyira hunoda kusimbiswa papi uye wogadzirira chidzidzo pamusoro wenyaya uyoyo. Somuenzaniso, kana munhu wamunoshanyira akashayikirwa neshamwari yepedyo kana nhengo yemhuri, funga kukurukura nezve mhuri dzekusingaperi uye upenyu mushure merufu. Unokwanisa kuzvipira kutsanya neavo vamu-noshanyira kuitira kuvabatsira kuti vawane uchapupu hwemusimbota iwoyo.

VECHIDIKI

Gadzirira usati Wanamata

Mutungamiri Eyring vanotiyeuchidza kuti munamato “ihurukuro yevaviri pakati paMwari

nevana Vavo.” Kutora nguva yokugadzirira minamato yedu kunogona kuita kuti hurukuro iyoyo ikwanisike. Unokwanisa kushandisa jenari rako kupedza mamine-tsi mashoma uchigadzirira kunamata zuva roga roga. Unokwanisa kuita midorongodzwa yemaropafadzo aunoda kutenda Baba Vokudenga nawo, vanhu vanoda minamato yako, uye mibvunzo yaungangoda kuti ipindurwe. Zino koka Mweya nokuimba rwiyo kana kuverenga ndima shoma dzemagwaro matsvene. Apo paunonamata, nyatsoteerera kumatungamiriro auno-itwa neMweya Mutsvene pane zvaunofanira kutaura, uye nyatsoteerera kumanzwiwo nemafungiro ako (ona D&Z 8:2–3). Funga kunyora zviitiko zvako mujenari rako uye kuwongorora mhinduro dzaunotambira. Unokwanisawo kushandisa zviitiko zviri pamapeji 95–97 e *Preach My Gospel: A Guide to Missionary Service* kukubatsira kuwongorora minamato yako uye kudzidza kuziva Mweya Mutsvene.

VANA

Sangweji reMunamato

Unoziva sei zvokutaura apo paunonamata? Unokwanisa kutanga minamato yako nokuti “Baba Vokudenga vanodikanwa,” uye yoigumisa nokuti, “Nemuzita raJesu Kristu, ameni.” Zvaunotaura pakati isarudzo yako, sezvakangoita kusarudza zvinoenda musangweji.

Tara mufananidzo wesangweji, uchisarudza zvinhu zvakawanda zvakasiyana siyana zvaungada musangweji rako. Panhango yega yega yenyama kana chimedu chezvimwe zvinoiswa pakati pechingwa chakachekwa, nyora chinhu chimwechete chaunoda kunamata nezvacho. Unokwanisa kuti “ndinokutendai” nemaropafadzo, kutaura pamusoro pezvinetso zvako, kukumbira maropafadzo, kana kunamata pamusoro pemibvunzo.

Unokwanisa kucheka mufananidzo wako wesa-ngweji. Wouturika mumupanda mako kuti ukubatsire kurangarira zvinhu zvaunokwanisa kutaura mumina-mato yako.



Basa Dzvene raJesu Kristu: Chingwa choUpenyu

Ruvimbo • Mhuri • Rubatsiro

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi zvinowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda kuwww.reliefsociety.lds.org

Ichi chikamu chezvitevedzano zvezvinyorwa zveMashoko eDzidziso dzeKushanyirana zvinopa zvimwe zvikamu zvebasa reMuponesi.

Jesu akati, “Ndini chingwa chipenyu, chakaburuka kudenga; kana munhu achidya chingwa ichi, uchararama nokusingaperi” (Johane 6:51). “Jesu Anotidzidzisa isu, vadzidzi Vake, kuti tinofanira kutarira kuna Mwari zuva roga roga kuti tiwane chingwa —rubatsiro nezvo-kudya — zvatinoda muzuva iro-ro chairi,” vakadaro Gosa D. Todd Christofferson veChikwata cheVa-Apositora Gumi neVaviri. “Kukoka kwaIshe. . . kunotaura nezva Mwari ane rudo, anoziva kunyangwe zvidikanwi zvidiki zvezmazuva ose zvevana Vavo uye Vanoda kubatsira vana Vavo mumwechete nemumwechete. Vari kuti tinokwanisa kukumbira murutendo kuna Uyo ‘unongopa vose asingazotuki; uchapiwa hake’ (Jakobo 1:5).”¹ Apo patinonzwisisa kuti Jesu Kristu achatipa zvidikanwi zvedu, tinozocheukira kwaAri kuti tiwane zvokudya zve-mweya zvedu.

Gosa Jeffrey R. Holland veChikwata cheVaApositora Gumi neVaviri vanotikoka “kuva muchiitiko chevadzidzi vekutanga vaKristu avo vaidawo chingwa cheupenyu — avo *vasina* kudzokera asi vakauya kwaAri, vakagara Naye, uye vakaziva kuti kana vaida dziviro neruponeso paiva pasina mumwe wavaikwanisa kumbofa vakaenda kwaari.”²

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Johane 6:32–35; Aruma 5:34; 3 Nephi 20:3–8

Kubva muMagwaro Matsvene

Jesu Kristu aidzidzisa gungano revanhu vaipfuura zvuru zvina. Mushure memazuva matatu, Akati kuvadzidzi Vake: “Ndinetsitsi nava-nhu vazhinji, nokuti atova mazuva matatuvasina zvangadya:

“Kana ndikavaendisa kumusha kwavo vanenzara, vachaziya panzira. . . .

“Vadzidzi vake vakapindura, vakati kwaari: Munhu ungawanepiko murenje muno, zvingwa zvingagutisa vanhu ava?”

“[Jesus] Akavabvunza, akati: Munezvingwa zvinganiko? Vakati: Zvinomwe.”

Zvino Kristu “akatora zvingwa zvinomwe, akavonga, akazvime-dura, ndokupa vadzidzi vake, kuti vaise pamberi pavo; . . .

“Vuye vakanga vanebove duku shomanene; zvino akadziropa-fadza, akati zviiswevo pamberi pavo.

“Vakadya, vakaguta, ndokuvunganidza zvimedu zvakasara, matengu manomwe.” (Ona Marko 8:1–9.)

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. D. Todd Christofferson, “Recognizing God’s Hand in Our Daily Blessings,” *Liahona*, Ndira 2012, 25.
2. Jeffrey R. Holland, “He Hath Filled the Hungry with Good Things,” *Liahona*, Ndira 1998, 76.

Funga Izvi

Apo patinouya kuna Kristu, anotigutisa sei?